ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ТЕЛЕВИДЕНИЕ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№208 (21.116) ● 2007 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 24, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр сомИ 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

●Промышленность

Псори зэлъытар лэжьэкІэрщ

Жэпуэгъуэм и 22-м КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсенрэ УФ-м и Къэрал Думэм Бюджетымрэ налогхэмкІэ и комитетым и унафэщІ Васильев Юрийрэ щыІаш «Налшык машинэхуэу завод», «Станкозавод» ОАО-хэм, я гугъуехьхэр, лъэпощхьэпохэр, я Іуэху зыхуэхэр зрагъэщІэн, дэІэпыкъун папщІэ.

НМЗ-м хьащІэхэр гуапэу ирагъэблагъэри, цеххэр, Іэмэпсымэхэр зэрылажьэр, продукцэр и фІагъкІи и куэдагькІи зыхуэдизыр улахуэрэ налогхэмкІэ я Іуэху зыІутым щагъэгъуэзащ. ЖраІащ я продукцэр рынокым зэрыщІхьыкІыр, абы фІагъ лъагэ зэрИэм папщІэ, хьэрхуэрэгъу лъэщхэр щыІэу щытми. Президентым заводым щахуэу корпусыщІэхэр зригъэлъэгъащ, ахэр лажьэу щаутІыпщынур, ирагъэкІуэкІыну зэхьуэкІыныгъэхэр зригъэщІащ. Щы дагъэмрэ газымрэ кьыщыщІащ Іэнатіэм кьыщагъэсэбэп Іэмэпсымэхэу заводым кьыщІигъэкІхэр я хьэрхуэрэгъухэм ейхэм елыТауэ зэман нэхъыбэкІэ мэлажьэ.

Заводым и унафэщІ **Соблыр Руслан** кІэщІу кьыстеувыІащ 1928 гъэ лъандэрэ предприятэм кьикІуа гъэсэгуанэм, илъэс 80-м кьриубыдэм зыІэрагъэхьа екьулІэнигъэхэм, зыІууа гугъуехьхэмрэ лъэпощхьэпохэмрэ. Заводым щыІэу 400 хуэдиз щолажьэ, ику ит улахуэр сом 6700-м нос, налогхэмкІи лэжьапщІэмкІи щыІхуэз ятельсым. Гугъу еЗыгъэхьыр инвестицІэ проектыщІэхэр зэрырпхыгъэкІыгъэйрщ, ахьшэ зыт банкхэр тэмэму кьаэзрыдэмыІэпыкъурщ. Продукцэ нэхьыщхьэ закъуэкІэ рынокым ухэтыну тыншкым - ухуэныгъэмкІи, мэкъумэшымкІи, нэгъуэщІ Іэнатіэхэми зэрыхьхьэн проектхэр зэхагъэувэн хуей хьуащ икІи ахэр пхыГъэкІыныр кьапэщылъщ. КьадэІэпыкьун ягъуэтмэ, я лэжьыгъэм зрагъэубгъуну я мурадщ.

АдэкІэ кьэпсэльа Президент **Кьанокъуэ Арсен** НМЗ-м и лэжьакІуэхэм махуэшхуэ екІуэкІаэмкІэ ехьэхъурИ, фІыщІэ яхуищІащ заводыр лажьэу, я лъэщагъыр ямыгъэкІуэду кьыІэрыІэтранам папщІэ, Іэмэпсымэхэр зэрахьумар и гуапэ хьуащ.

- Дыхуейт дыІэгъусэу заводым и Іуэху нэхъыфІ зэрыхъунум, адэкІэ зэрыщІэмкІи щыІхуэз ятельсыну, фи гугъуехьхэр зэзгъэщІэну, дывдэІэпыкъун папщІэ. Фи инвестицэ проектхэр Іэщ1агъэлІхэм ехьулІэнигъэ кьызыпэкІуэну кьалытэмэ, дэ фи Іуэхур сыт и лъэныкъуэкІи вдэтІыгъынущ. СубсидиемкІэ процент ставкэм хэдгъэщІынущ, Іэмал зэрилэкІэ.

- Кьанокъуэ Арсен жиІаш заводым и инвестицІ проект зыбжанэм щыгъуазэ зэрызыхуищІар, ахэр я лэжьыгъэм, кьыщІагъэкІ продукцэм зэрапэжьыжьэр икІи ахэм нэхъ пэгъунэгъуэу зэрящІытыпхэр.

- Фи хэхъуэр процент 15 - 20 мэхъу, ар лэжьакІуэхэм я продукцэм и фІагъым хэгъэхъуэнымрэщ, улахуэр къэІэтыныр, налогхэр зытемыгъэхуэныр, заводыр нэхъ кьулей щІыныр.

НМЗ-м и кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ рынокым нэхъ жыджэру хьхьэн зэрыхуейр, продукцэр кредиткІэ нэхьыфІу кьызэгъэпэщыныр, ильэси 5 - 10-м яхуэзфІэкІынур зыхуэдизыр убзыхуныр. КъБР-м и Правительствэр дэІэпыкьунущ продукцэфІ эмэмыІэужьыгъуэхэр кьыщІэзыгъэкІ НМЗ-м, зиужьын икІи лъэбакъуэщІэр ичын папщІэ.

Кьанокъуэ Арсен кІэщІу кьытеувыІащ дыгъэгаэм и 2-м Урысей Федерацэм щекІуэкІыну хэхьныгъэхэм икІи кьызэхуэсахэм яригъэщІыхуащ УФ-м и Къэрал Думэм Бюджетымрэ налогхэмкІэ и комитетым и унафэщІ Васильев Юрий Виктор и кІуэр, жиІащ ар КъБР-м сэбэпышхуэ кьызэрыхуэхьуар ахьшэ нэхьыбэ республикэм кьыхуаутІыпщын папщІэ. Ди хэхакІуэхэм абы и кандидатурэр даІыгъмэ, зэрыщымыІуэнур кьыхигъэщащ.

- Псори зэлъытыжауэ щытынур ди лэжьэкІэмрэ рынокым дызэрыхэзагъэмрэщ, ар зыхуэныкъуэхэр нэсу зэдгъащІэмэщи, дызэдзэгъэІэпыкъу, - и псальэм и кІэухыу жиІащ Кьанокъуэ Арсен, - рынок экономикэм щыщыІэ текьуэзныгъэхэр кьэтІэсхьащ, бизнесым хэт предприятэхэм зрамыгъэужьу зэран яхуэхьужьыркъым. Апхуэдэ гуэр кьэхьумэ, сэ е Правительствэм и Унафэщым хьыбар дывгъэщІну Іэмал фиІэщ. Дызэрыгъусэу дыгупсысэнщ, дызэдзэлжьэнщ зыдужьын папщІэ.

Адэжь зэпщІэм кьыщыпсэльа **Васильев Юрий** кьызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ КъБР-м иужь зэманым игъуэта зыужьныныгъэхэм, кьаІэрыхьа дэІэпыкъуныгъэ инхэм.

А пщыхьщхьэ дыдэм Президентыр щыІащ «Станкозавод» ОАО-м. А предприятэм и Іуэху зыхуэдэм щыгъуазэ ищІу кьэпсэльащ абы и унафэщІ **Мамбэт Анатолэ.**

ЗэпщІэхэм хэтащ промышленностымкІэ, гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымкІэ икІи псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министр Уянаев Кязим, предприятэхэм я унафэщІхэр, прессэм и лэжьакІуэхэр.

УЭРЭЗЕЙ Рашид.
Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

ХэкІыпІэхэр къалъыхъуэ

●ЗэІущІэхэр

Дыгъуасэ Налшык къалэ дэт «Синдикъ» зэхущІэщым щекІуэкІащ Урысей банкхэм я ассоциацэм щІынагъэ политикэмкІэ и комитетымрэ КъБР-м и банкхэмрэ страхованиемкІэ Іуэхущ1апІэхэмрэ я ассоциацэмрэ зэгъэусэу къыдэрагъэпэща зэхуэсыр.

АР КЪЫЗЭІУИХАЩ икІи иригъэкІуэкІащ Урысей банкхэм я ассоциацэм и тхьэмадэ **Тосунян Гарегин.** Зэ1ущІэм и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 **Бечелов Ильяс**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 **Ярин Андрей**, абы и япэ кІуэдзэ **Тхьэзэплъыж Мурат**, КъБР-м и Іьэпэкъ банкым и Іэтащхьэ**Тхьэмокъуэ Анатолий**, КъБР-м и банкхэмрэ страхованиемкІэ Іуэхущ1апІэхэмрэ я ассоциацэм и тхьэмадэ **Эндреев Борис**, КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм и унафэщІ **Тау Пщыкъан**, нэгъуэщІхэр.

Зэ1ущІэм щытепсэлъыхьащ Урысейм и щІынальэхэм я социально-экономикэ щытыкІэм зиужьын, дЬэпэкъ проектхэр гъэзэщІа хьуну папщІэ банкхэм яІэ мыхьэнэм, ар нэхъыфІу кьайхьулІэн щхьэкІэ я Іуэхутхьэбзэхэр зэрызэтраублэн хуей щыкІэм, нэгъуэщІ куэдми.

НЭЩЭПЫДЖЭ Замирэ.



Льэныкъуитіри арэзыкъым

Приморьем щызэфІэкІащ ахьшэ хьумапІэ банкым и кьудамэм мафІэ щІэныгъ зэрыщытамкІэ игъэкъуэнщ-хэм я сулыр.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, нэгъабэ щІышылэм и 16-м кьэхъуауэ щыта а насыпыншагъэм хэкІуэдащ Цыхуи 9, куэдым фэбжьхэр хаХащ. Судым къуэншахэм тезыру ятрилъхьащ ильэсрэ мазИ 2-м кьыщыщІэдзауэ ильэси 2-м нэс. Ауэ абы кьыпта унафэмкІэ арэзыкъым прокуратурэри зи суд ящІахэм я сэбэп зыхэлъхэр пхызыгъэкІыну хущІэкъуА уэчыльхэри. ЛъэныкъуитІми мурад ящІащ щІэрыщІэу тхьэусыхэну.

Махуэшхуэ хьэмэрэ...

Венгриием и кьалащхьэ Будапешт щІыху мин 1,5-рэ -Z хуэдиз щызэхуэсащ 1956 гъэм къралым щекІуэкІа «мэзэр мятежыр» ягу кьагъэкІыжыну.

Абыхэм властхэр хьэм ирагъэхьащ «лъэпкъпсо зэщІэхьеенигъэм и мыхьэнэр тэмэму щІыхуэзм я деж зэрыНамыхьэсым» кьыхэкІыу. Псом хуэмдэду хуэдэдэлажьэ щІ къэралым и премьер-министр Дорчань Ференц. ЛрщхьэкІэ фэ теткъым къэралыр езым и блэкІам зэрепльар абы щхьэкІэ ихьуэжьыну.

ЦІыхуэхэр ягъэІэпхъуэ

США-м и Калифорние штатым мафІэсхэм ирхьри зыщащ.

Кьалэ зыбжанэм цІыхуэхэр псынщІэу доІэпхъуэкІ. Губернатор Шварценеггер Арнольд зэрыжиІэмкІэ, псори зи лажьэр километри 150-рэ и псынщІагъуэ кьепщэ жьы гъущэрщ. Техникэр куэду ирапщэлІащ, арщхьэкІэ ари кьулейсызыгъэм пэлъэщыркъым.

ГъэщІэгъэнщ, арщхьэкІэ Амур областми мафІэсхэр щыетащ. Ахуэдэ мы зэманым мыбы кьыщыхъуэ хабзэхьым. Псори зи яГъэр дунейр зэрыхуабэрщ. КІэлъыпльакІуэхэр яхуосакъ мэзым зызыгъэпсэхуну кІуэ щІыхуэзэм ямыгъэхьІфІыжа мафІэхэр кьамыгъэпэным.

КъызэрыгуэкІхэм я хьэкъкІэ

США-м и Президент Буш Джордж Конгрессым елъэІуащ Иракым щиригъэкІуэкІзауэм къэкІуну гъэм доллар мелард 46-рэ хухихыну.

А къэралым зэрытеуэрэ США-м абы пыщІа Іуэхухэм тригъэкІуэдар доллар мелард 500-м щІигъунущ. Демократхэм (ахэр мы зэманым Конгрессым щыпашэщ, жаІащ Буш зыщІэлъэІуар хуамыщІэну.

(ИТАР-ТАСС).

НОБЭ

●Іэщэншэ зыщІыным теухуа тхьэмахуэ зэхуакум щІедзэ (жэпуэгъуэм и 24 - 31-хэм). ООН-м и Ассамблее Нэхьыщхьэ и хессие щхьэхуэм къэралым и премьер-министр Дорчань Ференц. ЛрщхьэкІэ фэ теткъым къэралыр езым и блэкІам зэрепльар абы щхьэкІэ ихьуэжьыну.

●Байконур космодромым ягу кьыщагъэкІыж баллист ракетэхэр щагъэунэхуэхэм (1960, 1964 гъэхэм) хэкІуэдахэр.

♦Илъэси 10 и пэкІэ (1997) Кремлым Іэ щытрадзащ УФ-мрэ Литвамрэ я къэрал гъуэнапкъэр, Балт тенджызым и Іуфэхэр зейхэр зэщхьэщыгъэкІыным теухуа зэгурыІуэныгъэм.

♦Жэпуэгъуэм и 24 - 26-хэм Кишинев (Молдавие) щекІуэкІынущ СНГ-м хэт къэралхэм щынагъуэщІатэмкІэ я ІуэхущІапІэхэм я унафэщІхэм я зэІущІэ.

♦Жэпуэгъуэм и 24 - 27-хэм Эстепоне (Испание) щекІуэкІынущ хьыбарегъащІэ агентствэхэм я 2-нэ дунейпсо конгрессыр.

♦Жэпуэгъуэм и 24 - 28-хэм Санкт-Петербург щекІуэкІынущ Ладогэ гуэлым теухуа V дунейпсо симпозиумыр.

♦Жэпуэгъуэм и 24 - 25-хэм Москва щекІуэкІынущ фызгъалъхуэ цІыхубзхэм я 2-нэ урысейпсо съездыр.

♦1893 гъэм кьалъхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал, политикэ лэжьакІуэ, 1921 - 1938 гъэхэм щыналъэм и унафэщІу щытаКъалмыкъ БетІал.

♦Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 7-рэ дакьикьэ 35-м, кьуэлъжьнущ сыхьэт 18-рэ дакьикьэ 9-м.

♦Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 10-рэ дакьикьэ 35-рэ.

Найсанэ зыгъэхьэзырар **ПАЛ Мухьэмэдщ.**

ЩІымахуэм къыхэкІыу

АДЫГЕЙ. ***ЩІымахуэр къызэрысам щхьэкІэ къэмынэу республикэм и кушІым тІаг зыпаупщІащ. Абы я щхьэусыгъуэр псэупІэ-коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм щхьэкІэ упагъуэхэмрэ Іуэхущ1апІэхэмрэ щІыхуэщхуэ зэрызэтрагъэхьарщ. А щІыхуэр сом мелуан 250-м щІегъу.***

АДЫГЕЙМ и правительствэм ЖКХ-м и лэжьакІуэхэм тхьэмахуэ пІалъэ яритащ Іуэхур яГъэзэкІуэжьын щхьэкІэ. Республикэм. ПсэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и Іэнатіэм и унафэщІым и къуэдзэ Ныбэ Руслан зэрыжиІэмкІэ, щІыхуэм щыщу сом мелауни 116-р унагъуэхэм, мелуан 15-р муниципальнэ Іуэхущ1апІэхэм, мелуаницым щІигъур - федерал бюджетым зэтрИныгъэу республикэм щыІэ Іуэхущ1апІэхэм ятельщ.

Инвестицэ Іуэхуэхэр

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и президентым и пресс-Іуэхущ1апІэм ныкьбгъэ я къэрэитамкІэ, «ЕХІМ» компаниер хьэзырщ Къэрэшей-Шэрджэсым и экономикэм инвестицэу доллар мелардитІ хилъхьану.***

ПРЕСС-ІУЭХУЩІАПІЭМ апхуэдэуи хьыбар кьитащ вагъуитху зиІэ хьэщІэщ щыналъэм щыхуэныкмкІэ республикэм и президент Батдыев Мустэфа «ЕХІМ» американ компаниием зэгурыІуэныгъэ зэрырищІыліамкІэ. Проектым сом мелуан 28-рэ и уасэщ, ухуэныгъэ гъэжьыгъэхэр етІанэгъэ ирагъэжьэнущ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

●Дыгъуасэ

Иужьрей гъуэгуанэ

Ди газетым зэрытетащи, дунейм ехьжащ щІэныгъэлІ щІэрыІуэ, егъэджакІуэ, тхакІуэ Іэзэ, КъБР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ МафІэдз Сэрэбий Хьэжмэстафэ и къуэр. Дыгъуасэ ар нужьрей гъуэгум трагъэувэжащ и Іыхьлыхэм, благъэдэм, ныкьбгъэхэм, лэжьакІуэхэм, КъБР-м и Парламентым и депутатхэм, Правительствэм хэтхэм, езым и зэфІэкІым пщІэ кьыкуэзыщу щыта цІыхуэхэм.

НЭЩХЬЯЕГЪУЭ пэкІур кьыз1эуихащ КъБР-м щэнхабзэмрэ хьыбарегъащІэ коммуникацэхэмкІэ и министр **Тут Заур.** Абы щыгъуэм дыдэм екьжам и Іыхьлыхэм, благъэдэм зэрахуэгузавэр, кьыхигъэщхьэкуІащ МафІэдзыр адыгэхэм я тхьидэр джын и лъэныкьуэкІэ лэжьыгъэшхуэ дыдэ зэфІэзыгъэкІа цІыхуу зэрящІытыр. Хьэжмэстафэ и къуэ Сэрэбий икІи щІэныгъэлІт, тхакІуэт икІи егъэджакІуэт. Абы КъБР-м и Къэрал саугъэтыр тІэунейрэ кьыхуагъэфэщауэ щытащ - щІэныгъэмкІи литературэмкІи. Езыр цІыху кьызэрыгуэкІ дыдэт. ЩІэныгъэшхуэ бгъэдэлъми, зыгуэркІи закьыщІэщыну хуейтэкьым.

Псалъэр зыльыса **Бгъэжьнокьуэ Барэсбий,** Гуманитар щІэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и унафэщІым, жиІащ езым и Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэхэм МафІэдз Сэрэбий зэрахэмытыжкІэ я гум кьызэрыщІитхьэр. Ар еш зымыщІэ цІыхут, дэтхэмэми дэІэпыкъуну, зыгуэркІэ зыщІигъэкъуну сыт щыгъуи хьэзырт. Абы и Іэдакъэм кьыщІэкІащ щІэныгъэ лэжьыгъэу 100-м щІигъу, «Адыгэ хабзэ» тхыльэ купщІафІэри абыхэм яхэту. Апхуэдэ дыдэу литературэми кьыщигъэнащ хэмыгъэущэжьну лъэужь.

Бэрбэч Хьэтіутіэ и цІэкІэ щыІэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ректор **Къарэмырзэ Барэсбий** кьыхигъэбелджьылыкІащ дунейм ехьжар езым и цІыху гъунэгъу дыдэу зэрыщытар. Ар зэхьэлІар зэрызэкьуэжьэгъуэм и закъуэтэкъым, Сэрэбий хуэхэсэнущ, уепсэлъэныр хуабжьу гуапэт. Абы гу лъыуигъэтэфынут уи закъуэкІэ уи акъыл здынэмысынум.

ИужькІэ утыку кьихьащ КъБКЪУ-м и ветеранэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Чым Юрий**. «МафІэдз Сэрэбий сэ сцІыхуу щытащ школым щылэзэкьами, институтым щылэвами. Абы республикэм, адыгэ лъэпкъым куэд хуищІащ. Абы и мыхьэнэр кьыщыдгурыІуэнур иужькІэу кьыщІэкІынущ»,- кьыхигъэщІащ Чымым.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Созаев Ахьмэт** жиІащ МафІэдз Сэрэбий адагэхэм я мызакъуэу, Кавказ Ищхьэрэ псом я тхыдэр джын ныкъэхьэныгъэ ин зэрыхуищІар. Ар апхуэдэ дыдэу зэрыуэу ехьулІэрт литературэми. И роман, повесть купщІафІэхэр дунейм кьытенащ, ахэр яфІэфІу яджнущ кьытщІэхьуэ щІэблэхэм.

Дунейм ехьжар фІыкІэ ягу кьагъэкІыжащ тхьидэ кьэхутакІуэ щІэрыІуэ **Опрышкэ Олег**, іэнэгъущІэми.

Нэщхьеягъуэ пэкІур зэхуащІыжа иужь, МафІэдз Сэрэбий Хьэжмэстафэ и къуэм и хьэдэр езыр кьыщылъхуа Джэрмэншык къуажэм яшэжри, абы щыщІалъхьащ.

БАХЪСЭН Мухьэмэд.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2007 гъэм жэпуэгъуэм и 23-м *№511-РП*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм дунейр щІыІэ зэрыщыхъуэм кьыхэкІыу:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ПромышленностымкІэ, гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымкІэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министерствэм 2007 - 2008 гъэхэм я гъэплъыгъуэ пІалъэр иублэн хуейщ 2007 гъэм жэпуэгъуэм и 25-м щыщІэдзауэ.

2. Мы унафэр гъэзэщІа зэрыхъуэм кІэлъыплъныр и пщэ дэлъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и унафэщІым и япэ кьуэдзэ Тхьэзэплъыж М.ТІ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Унафэщ1 ЯРИН Андрей

●Хьуэхъу

Къанокъуэ СулътІан илъэс 60 ирокъу

Къанокъуэ СулътІан Забир и къуэм и юбилеймкІэ дохъуэхъу.

Узыншагъэ быдэ уиІэну, насыпыфІэу илъэс куэд къэбгъэщІэну ди гуапэщ.

Дыхуейщ Іуэхум фыуэ хэзыщІыкІ унафэщІ гуапэу, цІыху бжьыфІэу дяпэкІи ущытыну.

КъБР-м и Президентым и Администрацэм и лэжьакІуэхэр.

2007 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м щыщІэдзауэ щэкІуэгъуэм и 4 пщІондэ «Урысей пощт» ФГУП-м Іэ тедзэным и урысейпсо махуэхэр ирегъэкІуэкІ. А махуищІым кьриубыдэу газетхэм, журналхэм, тхыльхэм Іэ тезыдзэхэм уасэхэм процент 20 хукІэрагъэхунущ.

ІЭ ТЕДЗЭНЫМ и урысейпсо махуэхэр мы гъэм иджы етІуанэу ирагъэкІуэкІынущ. Кьытрагъэзэжьын хуей щІэхъуар газетхэр, журналхэр, тхыльхэр кьыдзэзыгъэкІхэмрэ абыхэм Іэ тезыдзэхэмрэ а Іуэхугъуэр ягу зэрырихьарщ, щІэджыкІакІуэхэм я бжыгъэми зэрыхигъахъуэрщ.

ЩэкІуэгъуэм и 5-м, Іэ тедзэным и урысейпсо махуэхэр щызэхуащІыжкІэ, нэгуэзыужь Іуэхугъуэхэр ирагъэкІуэкІынущ, махуищІым кьриубыдэу «Адыгэ псалъэ» газетым Іэ тезыдза щІэджыкІакІуэ нэхъ жыджэрэм пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ федаралъиз Іуэхущ1апІэм и кьудамэу КъБР-м щыІэм и унэу Щоджэнщ1ыкІым и уэрамым тетым редакцэм и саугъэтхэр щратынущ.

●ФепІэщІэкІ!

Іэ тедзэным и урысей махуэхэр

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Гумызагъэр хэжаеркъым.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КъБР-м и Президентым и сайтым къагъэхьа упщIэхэм я жэуапхэр

Лэжьыгъэм пыщIа проектхэр даIыгъ

**«Ди къабзагъэ зегъэужьыным дыхэтыну дыкIыбзэрыхуебжьам дигъэгушхуаэ, д.э ящэхэм яшыщу фирмэ кIыхьэIуэхащ, бизнес-инкубаторым дыхьыжащ, щхьэгъубжьэхэр хэтъхьэн, жалюзихэр фIэдзэн Iуэхум нужь дихьащ. Ди Iуэхутхьбзэхэм хуэныкъуэ хэрн щIэупщIэхэрн къыкIэуэкIащ. Ди жагъуэ зэрыхьэуцащ. КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министерствэм фонд нэхъыщIхьэхэмрэ материальнэу щымыт активхэмрэ къэщхэуным текIуадэм щыщ Iыхьэ субсидиекIэ къыхэгъэщащ щыпкъыкIэ и комиссэм ди Iуэхур къыщыдзэпаудащ. Сэ 2-нэ гупым хьыхьэ ныкъуэныкъуэхэм салыщIащ, солажьэ, нэгъуэщIхэми гъэзыгъэ язоу, надогъэр сот. Сыт сэ схуэдэхэм я дежкIэ гугъуу щыщыгъэр къэраым и дэIепыкъуныгъэ зыIэригъэхьанрэ?»

БЭРЗЫГЪН В., Налшык къ.

Жэуап ирет КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министр **Мусуков А.Т.:**

- ФОНД нэхъыщхьэхэмрэ мат ерыныбжь щымыт активхэмрэ къэщхэуным т екIуадэм щыщ Iыхьэ субсидиекIэ къыщэгъэпэщ и лэжьныкъуэкIэ «Восемь» ООО-м и заявкэм ягъэуува хабзэм тету щыслэпIуадэ щытащ хэрыгчэтыщIэ Iуэху мыиным къыщыхатхъэ проектхэм ахъшэ яхуэзытIущыныкIэ комиссэм и зэлуIэм, заявкэр зыхъэтарри хьрыхьэлIэу. Абы щыхэпIэм Iупщ къэхуащ «Восемь» ООО-м ешм щхьэгъубжэхэрэ жалюзихэрэ зэращ Iэмэпсымэ кIыщхэмрэ кIыхьэ дыкIэ зыхуей документхэр кIэтэ, КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министерствэр хьэзырщ а заявкэм къытригъэзэжу хэпIэн щхьэкIэ комиссэм иритыну. Псалъэм кыыдэкIуэ жыгIэнщи, «Восемь» ООО-м нэхъыкIэ щыIэкIэ зыщIащ къуэуэ щытащ бизнес-инкубаторым офис пэшхэр щратри, апхуэдэуи хьэрычэтыщIэ Iуэхум щыхуэгъаджэ семинар псомиI пщIэ имыиту хэтыну Iэмал къыхуэзгъэпэщащ.

Хабзэм тету къащIытэ

«Нужьрей илъэсрэ ныкъуэм Партькъалэ щагъэхтяящ Роспотребнадзорымрэ мидицинэмрэ я дэлажьэныгъэ хьэрычэтыщхэр къэщIытэныр. А къэщIытэныгъэхэм ди щхьэр дагъэужьгъащ, д.э ныкъонныкъуэкъуэр промышленностым къыщIиэкI товаркэм я фIагъымкIэ сертификат зыщIыщIи къыщIихуэмыгъэзэгъынур зэрыдимыIэм щхьэкIэ. Хьэпшыпхэр Горячеводск къыщыдощхуэ, ахэр къыдэзыщхэми езыхэм я документхэр нэмыщIми нэгъуэщI щIыпIэ зэрыкъыщIэтар тегъэщIапIэ ящI. КъызэрыщIэкIымкIэ, таможням товаркэ зэрыкъыщIащ, тегъэщIапIэ ящI. КъызэрыщIэкIымкIэ, таможням товаркэ сертификатыщхэу къырегъащIэ, оптовэ щхьэпэ нIэкIым, къуанщагъэр д.э къыгтокIуэ.

Партькъалэ вокзалым деж щыIэ бэзэрым сату щызыщIэ хэрычэтыщIэхэр. Жэуап ирет КъБР-м Экономикэ, жылагъуэ щынагъэуэшагъэмкIэ и советым и секретарь **Шокурова О.Л.:**

- - РОЗНИЦЭ бэзэрхэм я Iуэ хуэкIэ икIи Урысей Федерацэм и Лэжьыгъэ зэхьэзыгъэ зэхъуэныныгъэхэр хэтъхьэнри и IуэхуэкIэ» федеральнэ закон 2007 гъэм щыщыкIэ мазэм и 1-м щыщIэдзауэ къару зыгъуэтам ипкъ иткIэ, хьэпшыпхэм фIэкIа щамыщэ, вокзалым деж щыIэ бэзэрыр «Бэзэрхэм я зэгухьэныгъэ» жыхаIуэ муниципальнэ унитарнэ предприятэм хэту мэлажьэ, Аруан муниципальнэ районым и администрацэм 2007 гъэм бадзэуэгъэм и 17-м хуит ищIауэ.

Къэрал кIуэцI Iуэхуэкмкl я къудамэу Аруан муниципальнэ районым щыIэм Роспотребнадзорымкl я управленэу КъБР-м щыIэр, Федеральнэ налог Iэнатlэмкl я управленэу Аруан районым щыIэр и гъусэу, 2007 гъэм зэхащэ бадзэуэгъэ мазэхэм районым и Псэм псоми планым тету къэпщIэгъэныгъэр щригъэжьэкIащ маркэ зытемылъ фадэхэкIэр, контрафакт продукцI ящыIэр къэмыгъэхъуэн, налог органхэм зыщрамыIэтхэу хэзрычэтыщIэ лэжьыгъэ езыгъэжьэкIэ щIыхуэр сэтей къащIи мурадкIэ. Къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкl я къудамэм вокзалым деж щыIэ бэзэрым щригъэжьэкIа къэпщIэгъэныгъэхэм.кIэ административнэ протоколу 8 ятхащ, законым емыIэзэ хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэ зэрырагъэжьэкIым, хьэпшыпхэр сертификат ямыIэу зэращэм, нэгъуэщIхэми елъэIащ. Зы уголовнэ Iуэху къыдэтри, судым иратащхьащ, контрафакт продукцIэ зыгъэмыгъэхуэу хэзрычэтыщIэ лэжьыгъэ езыгъэжьэкIэ щIыхуэр сэтей къащIи мурадкIэ. Къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкl я къудамэм вокзалым деж щыIэ бэзэрым щригъэжьэкIа къэпщIэгъэныгъэхэм.кIэ административнэ протоколу 8 ятхащ, законым емыIэзэ хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэ зэрырагъэжьэкIым, хьэпшыпхэр сертификат ямыIэу зэращэм, нэгъуэщIхэми елъэIащ. Зы уголовнэ Iуэху къыдэтри, судым иратащхьащ, контрафакт продукцIэ зыгъэмыгъэхуэу хэзрычэтыщIэ лэжьыгъэ езыгъэжьэкIэ щIыхуэр сэтей къащIи мурадкIэ. Къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкl я къудамэм вокзалым деж щыIэ бэзэрым щригъэжьэкIа къэпщIэгъэныгъэхэм.к



ЕЛГЪЭР Кашиф.

«Тевдзэ жысІэмэ, ахьей традзэн а «лІыхъужьхэм»

1973 гъэм Тыркум сыщІэкІуам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр абы щыІэ ди лъэпкъэгъуэхэр зэрэгъэлъагъуну, я псэукІэ-щыІэкІэхэр зыхуэдэм щыгъуазэ зэмэцІыну арат.

Дэ гупышхуэ дыхьурт, ауэ дэнэ щІыпІэ дыкІуам, ди лъэпкъэгъу хэгъэрейхэр нэхъ гупышхуэ жу къытІущІэрт. Ар зы лъэныкъуэкІэ гуапэт: кьытщыгуфІыкІыу, я нэм, я псэм дыхуахьу дезыгъэблагъэхэр закъуэтІакъуэтэкъым - ЩэдкъурТ Аущ, у епГпсысыпэмэ, а гуапагъэ иным узыгъэмэцІыхьэт. Аэрэ щэ хьыдэхьуапсэрт - дэ дгъэззэжьынут абыхэмэ я хэкужь, я нэр кьыхьухукІыу я псэр зыхуэпабгъэ Кавказым. Ауэ а лъэхъэнэм щыгъуэ ар хуэ эпсапІэ кьудейуэ арат. А хуэ эпсапІэр кьохьулІэн щхьэкІэ, дамэкьуэ куэд, куэдыщэ пкуэтэн хуейт. Тыркым фІырыфІкІэ укьрагъэкІынутэкьым, ди кьэралми я гъущІ куэбжэр быдзу зэхуэщІат. Ар мо ди лъэпкъэгъуэхэми ящІэрт, дэрн абы дыщыгъуазэт. Арат хэщІэхэрн бысымэрти дыкъэзыгъаплъэу дызыгъэнэщхьейр. Нобэ дызэщыгуфІыкІми, пщэдей сэлам щызэтхьыжкІэ, ди гуфІэгъуэр нэпсым щІигъэнэнущ. Ауэ сэ а пщэдейри кьэмыс щыкІэ гумахэ сыкьызэрыхьур, сызэрыдзыхэр яфІэфІыщэтэкъым гупым ди кІру пашэхэм. Ахэр кьызэгІпйрт. Кьызэшхыдэрт. Іуэхур апхуэдэу зэрыщытам щыщ гуэрхэрн кьыхощьж мы усэхэм.

Ахэр гукІэ тхьн щыщІэздзат Тыркум дыщыщыІа махуэхэм. ДыкьэкІуэжа нэужьи пысщэжащ абыхэм. Ахэр газетым кьытрезгъэдзэну «Ленин гъуэгум» сохь. ЩІалэхэм сакьыхуоджэ. Псоми ягу прохь. Ауэ... тхутрадзэну пІэрэ? - дызоплъыж. «НакІуэ редакторым деж», - жи Къамбий Зуфар. ДокІуэ. Дыкьыхуоджэ. Усэхэм кьедзІуэрэ хэпльэу щыс редакторым жиІэраш: «Обкомым я Іизынышэу схутедзэжащ абыхэм. Ахэр газетым кьытрезгъэдзэну «Ленин гъуэгум» сохь. ЩІалэхэм сакьыхуодджэ. Псоми ягу прохь. Ауэ... тхутрадзэну пІэрэ? - дызоплъыж. «НакІуэ редакторым деж», - жи Къамбий Зуфар. ДокІуэ. Дыкьыхуоджэ. Усэхэм кьедзІуэрэ хэпльэу щыс редакторым жиІэраш: «Обкомым я Іизынышэу схутедзэжащ абыхэм. ШэджыкьэщІэ Мухьэмэд и деж кІуэм, абы хуит дыкьыщІэм...»

Партым и обкомым и секретарым и деж апхуэдэ Іуэхуркі эсыкІуэну кьыщІэкІынтэкьым, редакцэм щылажьэ щІалэхэр мыхьуамэ: сышынэу фэ зрезмыгъэплъын щхьэкІэ сокІуэ.

Шэджыкьэщ1эр гуапэ дыдэу кьысІуощІэ. Сыщ1экІуар щыжесІэм, усэхэмри къемыджэу, кьызжиІараш: «Газетым и унафэр партым и обкомым щылІэщ1ыкІэ, сэ абы и секретару сыщылажьэкІэ, тевдзэ жысІэмэ, ахьей традзэн а «лІыхъужьхэм». Ауэ ар яжьзумыгъэІэ. Мыхэр си деж кьыщагъэсакІэ, зыгуэр хальагъуэрн, темыгушхуахэу аращ. Мыбыхэм сыкьыз1эремыджауэ кьызгурОуэ: нэщхьеягъуэ, нэпс, тхьэусыхэ куэду хэту кьыщІэкІынщ. Парт газетыр апхуэдэхэм ягъэдзэжмэкьым. РадиокІэ, телевизоркІэ кьеГъэ т. А ущылажьэ «Іуащхьэмахуэ» журналым трегъадзэ. Абыхэми узыхамыгъэзагъэмэ, сэ сыхэлІыфхьыну укьызогъэгуГъэ», - жери сыкьыщІигъэкІыжьыгат. Ау э абы зи гугъу пщІахэм «хьэуэ» кьыхагъэкІаУэ щытакъым.

Куэд мыщІэу ткІэдУуэхэм ди зэуІущІэ гуэрым Шэджыкьэщ1эр кьыщыхсхуоз. «Сынохьуэхьу! Радиокі э кьата уи тырку усэхэр хуабжьу сигу прихьащ», - жеІэри гуапэу си Іэр кьеубыд.

Мис мыхэраш Мухьэмэд игу прихьауэ щытар, ауэ абы щыгъуэ газетым схутрамыдза усэхэр. Ахэри зыгуэркІэ яплъщІауэ кьысофІощІ ди тхьидзм кьыщыхуаэхэм ехьэлІауэ ящжабдагъэ Налшыкм Мэзкуум щекІуэкІа махуэхэм. Аращ зэгуэр сигумэ си псэмкІэ кьабгъэдэкІа мы усэхэр псоми фІыуэ тльагъу «Адыгэ псалъэ» газетым нобэ кьытрадзэну щІызигуапэр.

ЕЛГЪЭР Кашиф.

Хамэщі щыпсэухэм сахуоусэ

1. Ар пэжщ

- Мы зэрыжаІэм хуэдэу Хэкур дахэ? -
Адыгэ пщащэ щыкІу кьызопль нэщхьейу.
- Сыткіэ сщІэн, тІасэ, сэ уэ кьыбжаІаахэр, -
Сыцыкьэшхыпщ1у дамэр дызошей.
Сес шэми шхуми:
Сыт жэуап естыну?
Пэж жесІэм,
Арыншами зи нэхъуейр
ИкІауэ Хэкум хуэпльэм игу сеуэнущ:
Ар зыщІэхъуэпсым и Іэр тёхуэгъуейщ.
- Сло, пщы зыпсрэ? -
Кьызопль пІейтейуэ.
- Сыт бжесІэн?.. -
Хуэму нэпсыр изокьух.
- Уэ уэщхьыркъабзэщ Хэкур, кьыппачауэ.
- Ар си псэм ищІэрт, - и щхьэр ирехьх.

2. Уэрэд кІыхь

Андемыркъану ди шууей гуащІэ,
Хы щІыб шу гуартэ кьипхуу щытащ,
Дыкьихутащи
Уи зекІуапІэжьым,
Жьым я нэхъ дыджьр
Дэ кьытщІэпщащ,
Зэ ушэсыкрэ Жэманэрыкъым
Укьисыкьижьтэм
Хыжьым и щІыб,
Нобэ бэлыхьу
Тшэчыр пльагъ унти,
Ибэ хьуа льэпкъым гущІэгъ у тэуэпщІынт.
Хамэщ1ым мсу
Нэпс щІэзыгъэкІэр
Уэ бгъэкІэсынти
Зыдэпхьыжынт.
Жэнэт псэупІэр кьытлъыса тфІэщІу,
Ди Хэкужь Іэпплъэм дигъуэлъхьэжынт.
Зи джатэ Іэпщэр
Лъэпщ ихузауэ
Зэуэр хэзыгащІэу Андемыркъан,
Удикъан щІасэт,
Ди псэр щІэзауэ
Лъапсэм
Уэ кІэсу дыпхьыжьыгъам.
Мис а гугъапІэ закъуэу дпІэжьым
Ди Іэр темыхуэм,
Уэ дынольэІу;
Уиш льэгум щІэльу
Кьэпхьам щыщ ятІэ
Тхуегъэщащэ
Ди машэм иІу.



3. Дапщэщ?

- «Зи гупкІэ уисым и уэрэд ежьу», -
Псальэжьыр нэрыльагъу щыхьащ ди деж:
Кьытхуащ унафэщ,
Кьыдат ди хьэлущ.
Хэхэсщ.
Дэдзей,
УфІэфІмэ,
Кьедзыхьыж, -
Мэтхьэсыхэ
Ялэ кьыпхуэзар.
Я нэгум уипльэм,
ПфІэмыщІ плъагъуу нэ -
Дэтхэнэ зыри
БампІэм ихуза
Гу тхьэмыщкІитКІэ
СфІэщІыпт кьызэпль сэ.
- ЗиІ мыуэ хуумыІуатэ
Уи лы уз, -
ЖьыхуаІэу фыдбжкьым -
МафІэм и гъунэгъу
Лыр мажьэ, жи.
Лъэпкъыр мафІэм дес...
Дядэжьхэм сыту Іейуэ
Дагъэунэхьуг. -
Мэтхьэсыхэ
Ялэ кьыпхуэзар.
Ерагъыу я щхьэр кьаІэтри:
- Дапщэщ?..
- ГугъапІэр -
Хэкум ягу кьыхуэгъэзар -
Кьыуатри,
Ар,
Пльэкімэ,
НэпскІэ умытхьэщІ.
Уи пущхьэм
БампІэм бдзанэ кьыхихуам
Мастэпэбдзыжькіэ щеныкьуэкъум деж
Сыт хуэдэ ар
Лы Іэфім щеІусам?
Араш сыізэщхьри -
Си гу кьуэпсыр печ.
Сэ сльэкІытІамэ,
Си псэр зышхьн кьом,
Фыздэсхьыжьнт
СиІу хуабэм фигъэпщкІуау:
Ди нэхъыжьыфІхэу
Зэгуэр хутыкьуам
Сольагъури
Я щІэпну кьыфхуэнар...
Тынщ
Зы жыгыщІэ кьипчу
БгъэІэпхъуэн,
Ауэ
Жыг хадэм...
Сытэр ди Іэмал?..
Щхьэлажьэу кьызэдэскІухьым,
ГъэщІэгъуэнщ,
Нэщэнэр пэж ухьу! -
Кьызогъуэт сэ нал...

4. Адыгэ Хасэм

Дуней гуфІэгъуэр
Си кьуэщыкІхэм яІэщ:
Адэжь и Хэкум
Кьэкіа хьэщІэр я бэщ.
Дэ бат экьутэр тхуагъэш темыпІэу,
Кьажьыхь-нажьыхьэр,
Иэзгъэжкьым я пІэм.
Дыдрахьеямэ,
Дыгъ ущІэнкІэ шынэу,
Дыкьрахьэхьжмэ,
ДыщІыт эн яфІэщІу.
Щым дынамыгъэсу дыкьрахьэкІынут
Кіыхь кьытхуэхьунхэм инуэ зи фІыщІэр.
ХамэщІ ис пэтми,
Гуапэр сыт?
Адыгэщ!
Ди хабзэр
Ежьу эзрахьумэм епльыт!
Мо шэмрэ льымрэ зи нэгу щІэт
Цыху дахэм -
Ди щІалэгъуалэм
Удехьэх я тепльэм.
Бзыльхугъэр,
Дж1 дыкІэ пщІапщІэу ху эсакьыу,
Щ1ал1э кьуданэхэм кьыдаш кьагъэфэну.
ГуфІэгъуэщІ..
СеІэт,
СеІэт пшынэ макъым!
Кьопкі си гур си бгъэм -
Ари хуейщ кьэфэну.
Уэ си псэр фышхэ,
Си шыпхъуфІ, кьуэшыфІхэ.
Кьыщыфхуэжкан зэу
Сигу кьигыкІым тхъупсыр:
Зэхэзмыхат сэ фыкъэфэфу жыфІэу
Іэнэр мысысу,
ИмыкІуту шыпсыр.
Си псэм зеІэтри
Кьызопэкіу сэ гугъэр -
Мы сльагъухэм адэкІэ ядэзынщ
Ди льэпкъ кьуэпсыр.
Сыт кьыпщыщІар, сигу?
Щхьэ аргуэру угъэ?
ГуфІэгъ уэм дежи
Щхьэ кьыщІэкІрэ нэпсыр?

5. Кьысхуоджэ усэ си кьуэшхэр

ЗипытІ-зихуэзуэ хугу хьэдзэм
Си гур хуэкІуауэ кьысофІощІыжыр зэм,
Зэми дыгъэшхуэу
Нур ядзу
Уэгум ит кьысщохьу -
Зегьэпсэхури псэм:
Кьысхуоджэ усэ си кьуэшхэр.

Сыхэтым ещхьщ пщІыхьэпІэ гуэрым -
Си нэгу щІэтщ
Сэ Хэку кьэнар хы адрыщІ,
СфІощІ зэхэсх
Я макъ ди псы уэрхэм,
Ди Іуащхьэмахуэ
Гуапэу Іэплі эхуэсщІ:
Кьысхуоджэ усэ си кьуэшхэр.

ЛІэужьыр
Бжьиблкіэ мауэ, жаІэ.
Пэжщ ар -
ИгъащІэм Хэку зытемыплъам
И тепльэр зэуэ ятхри haIуэу
СодаIуэ,
Зэхэсх сфІэщІу сигу ильар:
Кьысхуоджэ усэ си кьуэшхэр.

СщІэжкьым сыщыІэу сэ
Хамэщ1ым -
Сэрщ хьэщІэ у мыхэр зиІэр иджыпстэ,
Си Хэкум щхьэкІэ уэрэд сшэщІым
СфІощІ псэщІэ хилъхьэу
Лъэпкъыр кьыдежьу:
Кьысхуоджэ усэ си кьуэшхэр.

6. Уэрэд жысІэну си гугъати...

Губгъуафэ зэзмыплъыжу,
Истамбыл,
Уцыщымыіэ уэ
Сэ си гугъам.
Уэ кьаІэ к уэдым кьысфІощІ урапыл,
Истамбылыжьу хьшхуэм Іуубгъуа.
Гъужьгъжь пхузІэм сищІмэ тІэкІу Іэщ1ыб,
Уи тепльэ фэзэ хьуэкІым сещІ хьэщІыкъ...
ИтІани
Гъуэгъ кьысфІохьуж и щІыІу -
Истамбылакіуэ жаІэурэ
Си льэпкъ
Бдэкіуэдыгъар уэ
Кьыщ1охьэж си нэгу.
Мыпху здиз мэждкьыт итрэ пэ т уи щІыгу,
Уи диныр
ПцІыр хьэкъщ!
Ауэ, Истамбыл,
Апхуэдизыпсэу
КІуэдыр пщІынт кьабыл?
Истамбылыжь!
Губгъуафэ зэзмыплъыж,
Кьыізэпх хьэщІагъэм и уэрэд сІэтам
И кІэр
Зыщ1ыгъэнщІыжькьым сльагъуи зэхэсхан,
Си нЫбжьэгъуфІхэ,
Дэнкіи фи гугъу щысщІу
Схуэмыухьжу
Си гум фыкьинан.
Фи щІыхьым пэфщІу,
Фохьуэхэм фи хабзэр,
Фэ адыгэбзэм
Фамыгъэджрэ пэ т,
Фэр-фэру фоджэ,
Фотхэжьыфри кьабзэу,
АнэдэлъхубзэкІэ
Фи пщІэр сэ соІэ т.

9. Жэуап

КьысІэрыхьащ фи тхыгъэр,
Си нЫбжьэгъуэх.
Тхьэм фигъэпсэуи -
Куэду сыгуфІащ.
Си гуапэ дыдэр письмом сурэт щІыгъуэрщ -
Фи напэ кьабзэм
СыІуплъау сщІыхьащ.
Ауэ, пэж жыпІэм, кьэфтхым сыкьемыджэу
Е фи сурэтым сеплъу сыщІыс нэхь,
Сэ нэхь кьэсщІэнут
Сэлам зэтхьу ИитКІэ
Фи пащхьэм ситам,
Сипльэуэ фи нэгу.
Ари тлъагъуну гугъэ сощІ, нЫбжьэгъуэх,
Сэ зы пщІыхьэпІэ -
Ар нахуапІэ хьуам!.. -
Си нэгу щІэкІащи...
Іуащхьэмахуэ жьэгъум
ХьэгъуэлІыгъуэшхэ уэ гуэр щытщІау э арт.
Зэтщ1ыпІэр хэтыт?
Хэкум симыхьэжу
Кьэсшэнукьым жызыІэу зыукъуэдий
Ди щІалэ гуэрт -
Абы езым зещІэжьыр,
Кьихьэжьыху Хэкум, фадэ тКІуэпс и джийм
Езымыгъэхьыну жызыІами, дауи,
ЗещІэжьыр.
Абы пІэти зы чэф!..
Ар кьезытар мыфадэрт -
ГуфІэщауэ
Анэбгъэм ещхьу
Хэкум и бгъэм щІэльт.
- Дэ Іуащхьэмахуэ
Жьы дыдж бзаджэ гуэрым
Дыкьыгуну дри губгъуэм дрихьат,
Кьурш тепльэр щытфІэкІуэдым
Псыдзэ уэрым
Дыізэбгрихри
ХамэщІ дыкьихьат, -
Фыхуэтхьэусыхэу
Си гур зыкъутахэм
Сыфхэту Іуащхьэмахуэ льапэ деж
ЩыщедгъэкІуэкІым
ХьэгъуэлІыгъуэ дахэр
Дзыэ сохьу...
Си гъы макъым сыкъыдоуш.
Ар пэж хьуам,
Си бийм
Хьэр хуэсшэнти псафэ,
Ауэ щІыхьщ
Зэкіэ.
Си кьуэшыфІ!
Узынщэу фыщыт.
Зи псэр фхуэгузавэ
Фи нЫбжьэгъужьу
Елгъэр Кашиф.

● Дызэвгъэгупсысыж

Гугъэ нэпцІым лъапцІэу къыуегъэкІухь

ГУГЪЭ. Мы псалъэм и лъащІэм хэт нэсыфа? ЦІыху гъащІэм и кІыхьагъым узэрынэмыплъысыфым хуэдэщ и гугъэри. Шэч хэтыкьым ар цІыхум къызэрыдалъхум. Зыгуэрым уи псэр хуэмыпабгъэу упсэуфынукьым, нэгъуэщІу жыпІэмэ, ар гъащІэм и щІэгъэкъуэщ. Ауэ щыхьукІэ, дэтхэн зыми зыхущІэкъур кьыгурыІуэжу, лъэкІынумрэ лъэмыкІынумрэ зэпилъытыфу щытыпхьэщ. А псом зэремыгупсысырщ нэхъыбэр я гугъэм щІылъэмыІэсыфыр.

ЗэрыжаІэу, гугъэ нэпцІым лъапцІэу кьыуигъэкІухьыфынущ. Уи гугъэм уи Іэр тебгъахуэмэ, насыпышхуэ къоуэлІауэ кьыпщохьуж. Апхуэдэу зэрекІуэкІыр абы и пІэр нэгъуэщІ мурадым иубыдыхукІэщ... Ауэ псоми зы мардэ гуэр яІэщи, иумыгъэкІуэу, нэгъуэщІу жыпІэмэ, нэпсеягъэм зыдумыгъэхьэху уэзэрыпсэуным хущІэкъупхьэщ.

Иджы дэ дызыхуэкІуа рыночнэ экономикэм цІыхур кьулейрэ кьулейсызу зэщхьэщигъэкІащ. Къимылэжьам хэпсэукІ цІыхур емыгупсысу пІэрэ а мылькур кьыздикІам е итьагъу псори зрилъэфэІэныр и лъым хэлъу кьалъхуауэ пІэрэ? Зи акъылыр ахьшэ бжьынымрэ мыльку кьэуэгъуеиныкьмрэ хуэнэтІа цІыхум и деж гуапагъэ, гущІэгъу щыбгъуэтын?! Адыгэ псалъэжьым зэрыжиІэщи, зы лІыр джэдыгуибгъуэрэ лІибгъур джэдыгуншэу дыкьызэхэнащ. Сыт ягъэ кІын, Алыхьыр арэзы зыхуэхьун, уи джэдыгуибгъум щыщ зыщщыпхрэ уи гъунэгъум щебгъэтІагъэм! ЗэрыжаІэщи, зи жьыпкъуа ирикъуа щыІэкъым. ЖаІэу щытащ ахьшэм бгыр икъутэу, иджы цІыхупсэр зэхефыщІэ, и гур кьыдэмыжьыжьну. ХуэмыщІа, зеиншэ дапщэ щыІэ я псэр хъуапсэу?

Мыльку зи бэм кьару иІэу кьалъытэ кІуэдым. АтІэ ахэра дунейр зэтэсыІыгъэ хьэмэрэ цІыхугъэр, захуагъэр, гуапагъэр, нэмысыр, гущІэгъэр зи Іэпэгъуэра?

ЦІыхур псэун щхьэкІэ мылъку гуэр бгъэдэмыльэу хъунукъым, ауэ абы щигъэкІахэр кІуэ пэтми нэхъыбэ зэрыхьум имыгъэпІейтейуэ кьанэркъым. Апхуэдэ цІыхухэм я дуней епльыкІэм захъуэж, хьэл мыхьумышІэ куэди зыхалъхьэ. Сэ схужьІэнукъым псори гущІэгъуншэу дыкьызэхэнауэ, иджыри кьытхэтщ гуапагъэ зыхэль, гущІэгъэу зиІэ цІыхухэр, ауэ, ди жагъуэ зэрыхьунщи, ахэр тенджызым хэткІуа ткІуэпсым хуэдэщ.

ДызыщыщІэм сытым дежи дыщІохьэпсыр, икІи абы цІыхур нэхъуеиншэу зэщІиубыдэмэ, иІэр хуэ-ту кьыхуэмыгъэсэбэпыж мэхьу. Хьэпсэнымрэ нэпсеягъэмрэ зэгъэнэгъущи, бетэмалу уи зэхэщІыкІыр зэІигъэхьэнущ, хьуапсэ и псэ мыкІуэду жаІэ щхьэкІэ. Ди льэпкъыр къэтщтэнщи, цІыхухэм я кум гуапагъэ дэлъу, зым адрейм зыщІигъакъуэу кьекІуэкІащ. Куэдрэ сигу кьокІыжь мэрем гъэшыр я унэ щІамахьэу ар зимыІэм хуахьу, щхьэл кьикІыжамэ, нэхъ хуэмыщІахэм я Іыхьэ хахыу зэрыщытар. Нобэ апхуэдэ зэхущытыкІэхэр нэхъ машІэ мэхьу.

ЦІыхум и гугъэм кьэупсыщхэу еутІыпщ икІи куэдым, къэувыІэпІэр ямылъагъуу, ар мылъку зэкъухьэхьым хуаунэтІ, ауэ абы псоми насып кьахуихьу пІэрэ? Нэхъыбэр мылькум и пщыІлІу, и шынагъуэншагъэм тегужьеикІауэ кьоно. Ара-тІэ гъащІэ хъуэпсэгъуэкІэ зэдджэ?!

КьэувыІэ имыІэу зэманыр макІуэ, цІыхум и гъащІэри и гугъэри здихьу. Хэт текІуэфа абы?! Зэманыр лъэщщ, кьулейри кьулейсызри зэхуэдэ щІыф. Си тхыгъэм и кІэухьу ди нэхъыжьхэм я мыпхуэдэ псалъэ Іущхэр кьэсхьну сыхуейт: мылькур уэсэнсу, гъащІэр гъуэрыгъуэ шэнтщ. Абыхэм дерс кьыхэдвгъэхи, цІыхур зыгъэдахэ гуапагъэр, ди лъэпкъыр щІэрыІуэ зыщІа и адыгагъэр мылькум ятэ ящІыгъу дыхьэрыпсэуным дыхущІэвгъэкъу.

НАЛО Къарэ,
УФ-м сгъэджэныгъэмкІэ и отличник, КъБР-м щІыхь зиІэ и сэуэджакІуэ.
Налшык къалэ.



● Теплъэгъуэкэр

Розэ хужьхэм куэд кьызжаІэ.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Къардэн Рэмэзан и щапхъэ

● Дзэ къулыкъу

Псыкіэху щопсэу щІалитхуэ хьыджэбзитІэ зэдзэзыпІа Къардэнхэ БетІалрэ Риммэрэ я унагъуэр. ЩІалэ нэхъыжьхэм я дзэ къулыкъур нрахьэкіри я унэ кьекіуэдІэжащ.

НЭХЪЫЩІЭ Рэмэзан дзэм зэрыраджэрэ дыгъэгъазэм илъэс ирикъунущ. ЩІалэщІэм и къулыкъур щрехьэкІ Мэзкуу дэт дзэ частхэм ящІыщ зым. Иджыблагъэ щІалэ нэхъыщІэм и командирхэм кьабгъэдэкІыу Къардэнхэ фІыщІэ тхыгъэ кьаІэрыхьащ.

Абы итщ: «Си гуапэу хьыбар фызогьащІэ сэлэт Къардэн Рэмэзан и ныбжьэгъухэм щапхъэ яхуэхьу и дзэ къулыкъур зэрырихьэкІымкІэ. Емызэщыжу, жыІэщІэу зэрыщытым щхьэкІэ абы частым и унафэщІхэм зыбжанэрэ фІыщІэ кьыхуащІащ».

МЭЗКУУ Къанщобий.

Налшык дэт Лъэпкъ музейм иджыблагъэ щекIуэкIа зэлуцIэр сурэтыщI Урым Руслан и Iэдакъэщ1экIэхэм я гъэльэгъуэныгъэмрэ художникым и творчествэм теухуауэ илъэситI и пэкIэ кьыдэкIа «TS: рецептуальный сериал в контексте постмодернизма» тхылъыр эи Iэдакъэщ1эжI Лён Славэ зыхэта пресс-конференцымрэ кьыдэщIнубыдэу щытащ. Руслан и ныбжьэгъуэхэр, и Iыхьлыхэр, кулыкъущIэхэр, дыдэмкI интеллигенцэр кьызрихьэлIа зэлуцIэр художникыр кьыщальхъуа махуэм ирихьэлIэу кьызэрагъэпэщащ.

●Гъуазджэ

Джэрыджэ Арсен къопсалъэ.

Урымы и щэхухэр

ГЪЭЛЪЭГУЭНЫГЪЭР кьызэIуахыным и пэ кьихуэу журналистхэм епсэльащ искусствовед цIэрыIуэр. Лён Славэ абыхэм я упщIэхэм жэуап щритым тепсэлыхьащ гъуазджэм и лIэужьыгъуэ зэхуэмыдэхэм, абыхэм щыщу Урымыр дэзыхьэхым.

Урымым и творчествэм и гугъу щищым, Лён Славэ кьыхигъэщащ абы и сурэт серие щхьэхуэ кьэслъабжь пыуыкIа зэраIэр. Искусствоведым щапхъэу кьихьащ анэм, анагъэм кьытепщIыкIа сурэтхэр. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыри лъэпкъым и псэр, абы кьыдекIуэкI Iуэхугъэ щхьэхуэхэр кьызыхэщ Iэдакъэщ1экI купщIафIэщ. ИкIи еплъ цIыхум елъытауэ, сурэтым гупсысэ зэхуэмыдэхэр кьызэрыпкъырыкIынум, ар художникым и лэжьыгъэм хилъхьа мыхьэнэм техуэнкIи, гъунэгъуу бгъэдэмыхьэнкIи зэрыхъунум кьытеувыIащ. «Ауэ хьэкыр зыщ, - жиIащ хьэщIэм. - Тхыдэм фIыуэ щымыгъуазэ цIыхур Руслан и сурэтхэм я гъэлъэгъуэныгъэм кьыщIэкIуэн щыIэкъым».

Урымым и творчествэм дихьэ хьэмрэ ар кьызыгурыIуэхэмрэ зэрымыманущIэм и щыхьэтI Лъэпкъ музейм и пэщым кьыщызэхуэса цIыху бжыгъэр.

КъБР-м и Художникхэм я союзым и правленэм и унафэщIым и къуэдзэ Бгъэжьнокьуэ Заурбэч зэлуцIэр кьызэIуихыу Руслан и Iэдакъэщ1экIэхэм кIэщу тепсэлыхьха нужь, япэ псалъэр иритащ Кьэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Дыщэкl Мадинэ**.

- Урым Руслан и сурэтхэм дэ Iэмал кьыдат гупсысэ ин зыбгъэдэль цIыхум и творчествэм щыгъуазэ дыхьунымкIэ, - жиIащ абы. - ГуфIэгъуэхэмрэ гъэзвэгъуэхэмрэ, ехьулIныгъэхэмрэ мурадхэмкIэ гъэщIа и гъащIэ псор кьыщыгъэльэгъуа мы и лэжьыгъэхэм гъэхэм, Урым Руслан и зэфIэкIхэм.

- Мы нобэрей зэлуцIэр ауэ сытми кьызэрыгуэкI гъэльэгъуэныгъэкъым, - хуищIыну Iкъэм кьыригъэхьулIэ.

Славэ гулъытэнщэу кьигъэнакъым Урымым и гъэсэнхэр. И гуапэу кьызхигъэщащ я Iэдакъэщ1экIхэмкIэ европей утыкум ихьэн зэрахуэзэфIэкIыр, сыту жыпIэмэ ахэр нобэрей пщалъэхэм изагъэрэ гупсысэ кьуэ щIэльу щащи.

- Лён Славэ жиIа псалъэхэм яужьыкIэ гугъуу Урымым и творчествэм утепсэльхьыну. Сыту жыпIэмэ искусствоведым, ди республикэм и хьэщIэ лъапIэм нэхъыфIу икIи нэхъ куууэ хещIыкI, кьыгуроIуэ сурэтыщIым и гуащIэр, - кьыщIидзащ и псалъэхэм КъБР-м щэнхабзэмрэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и министрым и кьуэдзэ **Джэрыджэ Арсен**. - Руслан и творчествэм иубыд увыIэмрэ иIэ мыхьэнэмрэ пщIэ зэрыхуащIым наIуэу кьигъэльагъуэ си гугъэщ ди министерствэм и унафэкIэ иджыблагъэ абы «КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI» цIэ лъапIэр кьызэрыфIащам.

- Министр Тэуар кьыбгъэдэкIыу Джэрыджэр Руслан екъуэхъури, абы ЩIыхь ритащ.

- Сэ фIыуэ солъагъу гъуазджэр, ар си гъащIэм увыпIэшхуэ щызыубыд Iуэхугъуэщ, - жеIэ **Нало Заур**. - Хуабжьу си гур хохъуэ сурэт тельыджэхэр кьыщыгъэльэгъуауэ сиIэ альбомхэр щыщIэспщытыкIкIэ, ауэ нэхъыбэжу сыщыгуфIэр ди художникхэм я гъэлъэгъуэныгъэхэм сыкъыщыкIуэм дежщ. СыщыщIалъэ цIыкIум псэущхь сурэтхэр тщIыуэ кьызэрытхуамыдэу щытам дэ куэд тIэпигъэхуауэ си гугъэщ. Армырамэ, Кьэбэрдей-Балькъэр гъуазджэр нэхъ жыжьэ нэсауэ зэрыщытынум шэч хэльтэкыым. Нобэ и Iэдакъэщ1экIхэр кьигъэльагъуэну хуитыныгъэ псори зиIэ Урым Руслан сохъуэхъу гуащIэ мыкIуэщкIэ гъэнщIа ильэсищэ гъащIэ иIэну.

Урым Руслан и сурэтхэм, езым далъагъу Iуэхугъуэфхэм, и унагъуэ дахэм я гугъу ящIу, и махуэмкIэ гуапэу екъуэхьуу зэIуцIэм кьыщыпсэльащ сурэтыщI цIэрыIуэ **Кlыщ Мухьэдин**, Урым Руслан и творчествэм иубыд увыIэмрэ иIэ мыхьэнэмрэ пщIэ зэрыхуащIым наIуэу кьигъэльагъуэ си гугъэщ ди министерствэм и унафэкIэ иджыблагъэ абы «КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI» цIэ лъапIэр кьызэрыфIащам.

Министр Тэуар кьыбгъэдэкIыу Джэрыджэр Руслан екъуэхъури, абы ЩIыхь ритащ.

- Сэ фIыуэ солъагъу гъуазджэр, ар си гъащIэм увыпIэшхуэ щызыубыд Iуэхугъуэщ, - жеIэ **Нало Заур**. - Хуабжьу си гур хохъуэ сурэт тельыджэхэр кьыщыгъэльэгъуауэ сиIэ альбомхэр щыщIэспщытыкIкIэ, ауэ нэхъыбэжу сыщыгуфIэр ди художникхэм я гъэлъэгъуэныгъэхэм сыкъыщыкIуэм дежщ. СыщыщIалъэ цIыкIум псэущхь сурэтхэр тщIыуэ кьызэрытхуамыдэу щытам дэ куэд тIэпигъэхуауэ си гугъэщ. Армырамэ, Кьэбэрдей-Балькъэр гъуазджэр нэхъ жыжьэ нэсауэ зэрыщытынум шэч хэльтэкыым. Нобэ и Iэдакъэщ1экIхэр кьигъэльагъуэну хуитыныгъэ псори зиIэ Урым Руслан сохъуэхъу гуащIэ мыкIуэщкIэ гъэнщIа ильэсищэ гъащIэ иIэну.

Урым Руслан и сурэтхэм, езым далъагъу Iуэхугъуэфхэм, и унагъуэ дахэм я гугъу ящIу, и махуэмкIэ гуапэу екъуэхьуу зэIуцIэм кьыщыпсэльащ сурэтыщI цIэрыIуэ **Кlыщ Мухьэдин**, Урым Руслан и творчествэм иубыд увыIэмрэ иIэ мыхьэнэмрэ пщIэ зэрыхуащIым наIуэу кьигъэльагъуэ си гугъэщ ди министерствэм и унафэкIэ иджыблагъэ абы «КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI» цIэ лъапIэр кьызэрыфIащам.

Ди дежкIэ ар гуфIэгъэщIхуэщ, дэ тхылъу диIэр зэрыхъур 1800-рэ хуэдизщи, абыхэм ящыщ куэдыр жьы дыдэ хъуащ. Роэз кьыдитахэр щIыкIуэр зыщIэупщIэ, зэдж тхылъхэщ, - жеIэ школ библиотекэм и унафэщI Сосмакъ Людмилэ. Школым и лэжьакIуэхэмэ, еджакIуэхэмэ фIыщIэшхуэ хуащIащ Роэз. ЩIэ хэлъу кьыщIэкIынкьым здахьынур ямыщIэу, тхылъ куэд зезыхьэхэр нобэ зэрыщыIэм. Сыту хъарзынэт икIи гуапэт УнащIэ Роэз и щапхъэм нэгъуэщIхэри ирикIуамэ.

ТОХЪУ ТЭМЫЩ Iаиз.

Искусствовед Лён Славэ гъуазджэм кууэ хещIыкI. *Сурэтхэр* **ЕЛЬКЪАН Артур** *трихащ.*

●Жэпуэгъуэм и 24-р - ООН-м и махуэщ

Къэралхэр зэкъуэзыгъэувэ къару

ЖЭПУЭГЪУЭМ и 24-р тхыдэм хьыкащ ООН-м (Лъэпкъ Зэгуэтхэм я Организацэм) и махуэу. Псори зытещIыхьар 1946 гъэм дунеим а и зэгуэхэныгъэ нэхъ ин дыдэм и Уставыр кьызэращатарц. Ипэкl1э 1945 гъэм къэрал 51-м я лIыкIуэхэм абы Сан-Франциск1э Iэщытрадзат. Зэгуэхэныгъэр кьызэрагъэпэщащ дунейпсо мамырыгъэмрэ шынагъэншагъэмрэ зэтриIыгъэн, къэралхэм я зэдзэкъэныгъэр зэтрихуэн мурадкIэ. Къэдгъэльэгъуэн ящIу абы ещхь нэгъуэщI зэгуэтыныгъэ - Лъэпкъхэм я лигэ - дунейпсо зауитIым я зэхуаку 1919 - 1939 гъэхэм зэрыщыIар. Ари мурад дахэхэм хуэгъэпсат, арщхьэкIэ нэхъыбэу зыхуэлажьэр Инджылъзымрэ Франджымрэ я сэбэн зыхэльхэрщ. Мис а щхьэусыгъуэ дыдэм кьыхэкIыуи къаруншэт, пщIэ гуэри иIэтэкъым.

НэгъуэщI Iуэхущ ООН-р. Абы и зэфIэкIыр зыхуэдэизыр кьиргъэльэгъуащ куэдрэ. Псом хуэмыдэу мамырыгъэр псэ зэпылъхьэпIэ щытыкIэм щыхуэзыхьэм щыгъуэ.

Пьэпкъ Зэгуэтхэм я Организацэм сыт щыгъуи кьыщIэтыр фIэкIыпIэ имыIэу зэфIэхьин икIи мыхьэнэ ин дыдэ зиIэ Iуэхугъуэщ. Мин куэд хъу и Iэщ1агъэлIхэм зэпымыууэ ядж дунеим и щIыпIэ псоми щыщIыпIэ щытыкIэр икIи зыхуеину ч»нджэщхэр ягъэхьэзыр. Мыр мэлажьэ зи бжыгъэр мы зэманым 200-м щIигъу къэралхэм хуаутыпщ ахъшэмкIэ (нэгъабэ и бюджетыр хъууэ щытащ доллар мелард 18,2-рэ). И кьудамэ нэхъыщхьэщ ООН-м и Генеральнэ Ассамблеер, ШынагъэншагъэмкIэ и Советыр, Экономикэ, Социальнэ Советыр, зэгуэхэныгъэм и дунейпсо суд, ООН-м и Генеральнэ секретарыр зи унафэщI Секретариатыр. Iуэхугъэ ин ящIэ ООН-м и шэрджэсыгъэм, ар ООН-м и штаб-фэтэрри хэту, здэщыщIэр Нью-Йоркщ. Абы кьыдэкIуэу, и кьудамэ щхьэхуэхэр щыIэщ Женевэ (Швейцарие), Венэ (Австрие), Найроби (Кение), нэгъэущI къэралзыбжанэм я щыхьэрэхэм.

СССР-р яхэтащ Лъэпкъ Зэгуэтхэм я Организацэр кьызэзыгъэпэщащхэм. Абы къалэн ин иIэзэщIащ ООН-м и лэжьыгъэр зытетыну хабзэхэр иубзыхун и лъэныкъуэкIэ. Совет Союзыр (и ужькIэ абы и хуитныгъэхэр зыIэрыхьа Урысейр) ШынагъэншагъэмкIэ Советым зэпымыууэ хэт къэралхэм ящыщащ икIи ящыщщ. Мы зэманым апхуэдэ хуитынныгъэ яIэщ - Урысейм, США-м, Инджылызым, Франджым, Китаймэ. Мыгувэу апхуэдэ зэфIэкI ягъуэтыну кьалытэ нэгъуэщI къэрал зыбжанэмэ. Советым зы унафэ кьищтэфынукъым абы зэпымыууэ хэт къэралыр мыарэзыуэ щытмэ. АрщхьэкIэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, къаруушхуэ зыбгъэдэлъ СССР-р лъэпкъэжьуэ, США-м иригъэкIуэкIыу щIидзащ езым и сэбэп зыхэлъхэм тещIыхьа политикэ. Абы кърикIуахэр дуней псом ильэгъуащ.

Арщхьэкlэ ООН-м иджыри мыкъэнэшхуэ иIэщ икIи апхуэдэу къэнэжынущ зэман гъунэгъум.

МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.

●Аруан куейм

Футболым драгъэхьэх

ПСЫКУЭД и щIалэгъуалэр нужьрей зэманым топ джэгуным дихьэхащ. Тренер Сосмакъ Алим езыри топ джэгуу щытащ. Ар «Аруан» командэм хэтащ. Иджы топ джэгуным щIалэгъуалэр хуегъаз.

Мы гъэм Псыкуэд командэр республикэм и етIуанэ гупчэм хэту джэгуати, увыпIэ нэхъыфIыр кьихьащ. Абы щызэпеуахэщ Шэрэдж, Лэскэн, Аруан районхэр. Псори зэхэту командибгъэм я щIалэгъуалэр.

А зэпеуэм Псыкуэд щIалэ цIыкIухэм ещанэ увыпIэр кьыщIахьащ. «Д» абыкIэ дыкьызэтеувыIэну ди мурадкым, гъэ кьакIуэ япэ увыпIэр къыззрытхьыным дыщIэбэнынуп», - жеIэ Алим.

Топджэгу щIалэхэм мыпкъукIэ закъыщIегъакъуэ а жьлэм щыщ Куэшей Олег.

Тыгъэ лъапIэ

Псыкуэд къуажэм и щколакIуэхэр зыщыгуфIыкIым тыгъэ хэтыгъэ щIалэгъуалэр Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университетым и библиотекэм ильэс куэд щIауэ и унафэщI УнащIэ Роэз.

АБЫ И УНАГЪУЭ гъэтIылъыгъэхэм кьыхихри, школ библиотекэм тхылъ 200 тыгъуэ яритащ. Роэз и щхьэгъусэ Хьэутиий университетым егъэджакIуэу щылэжьащ. Ар щыпсэуми, зэщхьэгъусэхэр я жьлэм, щалъхуа Псыкуэд, дэIэпыкъуу щытащ.

- Ди дежкIэ ар гуфIэгъэщIхуэщ, дэ тхылъу диIэр зэрыхъур 1800-рэ хуэдизщи, абыхэм ящыщ куэдыр жьы дыдэ хъуащ. Роэз кьыдитахэр щIыкIуэр зыщIэупщIэ, зэдж тхылъхэщ, - жеIэ школ библиотекэм и унафэщI Сосмакъ Людмилэ. Школым и лэжьакIуэхэмэ, еджакIуэхэмэ фIыщIэшхуэ хуащIащ Роэз. ЩIэ хэлъу кьыщIэкIынкьым здахьынур ямыщIэу, тхылъ куэд зезыхьэхэр нобэ зэрыщыIэм. Сыту хъарзынэт икIи гуапэт УнащIэ Роэз и щапхъэм нэгъуэщIхэри ирикIуамэ.

●Спорт хъыбархэр

Иджыблагъэ 1992 - 1993 гъэхэм кьалъхуахэм бэнэкIэ зыгуфIыкIэ я Урысейпсо зэхьэзэхуэ Владимир кьалэ щекIуэкIащ. Къэралым и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыщ спортсмен 400-м щIигъу щыбэнащ абы. Зэхьэзэхуэм хэтащ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм бэнэкIэ хуитынкIэ и командэ кьыхэхарт. Ди щIалэхэм абы кьыщахьащ дыщэ медалу 3, дыжьын, жэз медалу 6.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ и командэ кьыхэхэм хэту бэнащ Бахьсэн СДIОШОР-м и гъэсэн щIалэ цIыкIуиплI. Абыхэм ящыщ килограмм 69-рэ зи хьэльагъэм я деж япэ увыпIэр кьыщихьащ Абеикъуэ Алан, кг 50-м нэс зи хьэльагъэм я деж ещанэ щыхьуащ Кьардэн Ашэмэз. ЩIэхуэр зэхьэзэхуэм хуагъэхьэзыращ УФ-м щыхь зиIэ и тренер ЗэкIурей Николайрэ спортым и мастер Джэрыджэ Альбертрэ.

ЗэIущIэм щытекIуэ бахьсэндэс Абеикъуэ Алан кьыпэщIэта спортсмен лъэрызехьэ дыдэхэм зы очкон кьаригъэхьакъым. Апхуэдэу зэIущIитху иригъэкIуэкIати, дэтхэнэ зыри и кIэм нэмысу судь яхэм кьагъэуэвыIэн хуей хъуащ, бахьсэндэсыр наIуэу зэрефIэкIым кьыхэхкIэ.

Ди гуапэ зэрыхъуащи, КъБР-м и командэ кьыхэхам гуп зэхьэзэхуэхэм япэ увыпIэр кьыщихьащ. Абы кьыкIэлъокIуэ Дагъыстэным, Осетие Инджхэрэ-Аланием я гупхэр.

● Дэ къытхуатх

Сыт Джатэжьейр зыгъэдахэр?

НОБЭРЕЙ ди зэманым гугъуехьэр щыкуэдщ: уасэжэ мэдзакъэ, цIыхухэм я нэхыбэр лэжьапIэнэшэщ, Iэнатlэ Iутхэми я хэхъуэр мащIэщ. Сыт хуэдэу ирехъуи, зэгъэзэхуэрэ зэIуплъыныгъэрэ щыIэу упсэун, жылагъэм захэбгъэзэгъэн, уи Iуэху зэрыдэкIыным яужь уитын хуеиц. Апхуэдэу жыIэми, щытыкIэ мытынщым тэмакъ кIэщI ищIаэри гъунэжщ. Щыхухэр къезышэжI транспортым и шоферхэр апхуэдэжэ маху кьэс ирокьэлIэ.

Я теплъэкIэ зэрызэмыщхьым хуэдэу, хьэлкIи зэхуэмыдэ цIыхухэм Iэдэбагъ пхэлъу уадекIуэкIыныр тыншкъым. Ауэ нобэ фэзгъэцIыхуну, илъэс 20 хьауэ цIыхухэр къезыпэжI, жылагъуэ транспортым и шофер Джатэжьей Хьэсет Залымхан и къуэр и хьэлкIи и щэнкIи адрейхэм къаехэщ, дэтхэнэми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ кьыхуэзыгъуэтыф цIыху угъурлыщ. Цыхухьур зыгъэдахэ адыгагъэрэ цIыхугъэрэ зыхэлъ щIалэр зыхэтым фIыуэ кьалъагъу, пщIэ кьыхуащI. Тэрч районым хьыхьэ Новэ Хьэмидейрэ Налшыкрэ зэпызыщIэ километр 90 гъэтуанэр мадзэу ирехъуи, зэгъэзэхуэрэ зэIуплъыныгъэрэ щыIэу кьэс кьэс зэпытчыныр тыншкъым. Ауэ Хьэжсет и лэжьыгъэм хуэIэижьу, гурэ псэкIэ етауэ бгъэдэтщ, къришэкI щыхухэм кьыхужаIэ псалъэ гуапэхэм и гукъыдэжьыр кьалъэт.

«Дэ лэжьакIуэфI куэд диIэщ. Щыхухэр ящыщу япэ зи цIэ къисIуэхэм ящыщщ Джатэжьейр. Гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэр кьызэпызымыуд, цIыху хэтыкIэ зыщIэ Хьэжсет сыткIи сыхуэзарэзыщ», - жеIэ Тэрч автостанцым и унафэщI Щхьэгуэш Владимир.

Хьэжсет гъэгуанэм зыщыхуэзэхэм сэри сащыщщ икIи сыхуэарэзыщ. Узынщагъэ иIэу, и гугъэмрэ гъащIэмрэ зэтехуэзэ и быным я хъер иIагъуэу а цIыху хьэлэлыр куэдрэ дунейм тетыну си гуапэщ.

БЭРЭГЪУН Къалмыкъхъан.
Тэрч район.

●Жэпуэгъуэм и 24-р - ООН-м и махуэщ

Къэралхэр зэкъуэзыгъэувэ къару

ЖЭПУЭГЪУЭМ и 24-р тхыдэм хьыкащ ООН-м (Лъэпкъ Зэгуэтхэм я Организацэм) и махуэу. Псори зытещIыхьар 1946 гъэм дунеим а и зэгуэхэныгъэ нэхъ ин дыдэм и Уставыр кьызэращатарц. Ипэкl1э 1945 гъэм къэрал 51-м я лIыкIуэхэм абы Сан-Франциск1э Iэщытрадзат. Зэгуэхэныгъэр кьызэрагъэпэщащ дунейпсо мамырыгъэмрэ шынагъэншагъэмрэ зэтриIыгъэн, къэралхэм я зэдзэкъэныгъэр зэтрихуэн мурадкIэ. Къэдгъэльэгъуэн ящIу абы ещхь нэгъуэщI зэгуэтыныгъэ - Лъэпкъхэм я лигэ - дунейпсо зауитIым я зэхуаку 1919 - 1939 гъэхэм зэрыщыIар. Ари мурад дахэхэм хуэгъэпсат, арщхьэкIэ нэхъыбэу зыхуэлажьэр Инджылъзымрэ Франджымрэ я сэбэп зыхэльхэрщ. Мис а щхьэусыгъуэ дыдэм кьыхэкIыуи къаруншэт, пщIэ гуэри иIэтэкъым.

НэгъуэщI Iуэхущ ООН-р. Абы и зэфIэкIыр зыхуэдэизыр кьиргъэльэгъуащ куэдрэ. Псом хуэмыдэу мамырыгъэр псэ зэпылъхьэпIэ щытыкIэм щыхуэзыхьэм щыгъуэ.

Пьэпкъ Зэгуэтхэм я Организацэм сыт щыгъуи кьыщIэтыр фIэкIыпIэ имыIэу зэфIэхьин икIи мыхьэнэ ин дыдэ зиIэ Iуэхугъуэщи. Мин куэд хъу и Iэщ1агъэлIхэм зэпымыууэ ядж дунеим и щIыпIэ псоми щыщIыпIэ щытыкIэр икIи зыхуеину ч»нджэщхэр ягъэхьэзыр. Мыр мэлажьэ зи бжыгъэр мы зэманым 200-м щIигъу къэралхэм хуаутыпщ ахъшэмкIэ (нэгъабэ и бюджетыр хъууэ щытащ доллар мелард 18,2-рэ). И кьудамэ нэхъыщхьэщ ООН-м и Генеральнэ Ассамблеер, ШынагъэншагъэмкIэ и Советыр, Экономикэ, Социальнэ Советыр, зэгуэхэныгъэм и дунейпсо суд, ООН-м и Генеральнэ секретарыр зи унафэщI Секретариатыр. Iуэхугъэ ин ящIэ ООН-м и шэрджэсыгъэм, ар ООН-м и штаб-фэтэрри хэту, здэщыщIэр Нью-Йоркщ. Абы кьыдэкIуэу, и кьудамэ щхьэхуэхэр щыIэщ Женевэ (Швейцарие), Венэ (Австрие), Найроби (Кение), нэгъэущI къэралзыбжанэм я щыхьэрэхэм.

СССР-р яхэтащ Лъэпкъ Зэгуэтхэм я Организацэр кьызэзыгъэпэщащхэм. Абы къалэн ин иIэзэщIащ ООН-м и лэжьыгъэр зытетыну хабзэхэр иубзыхун и лъэныкъуэкIэ. Совет Союзыр (и ужькIэ абы и хуитныгъэхэр зыIэрыхьа Урысейр) ШынагъэншагъэмкIэ Советым зэпымыууэ хэт къэралхэм ящыщащ икIи ящыщщ. Мы зэманым апхуэдэ хуитынныгъэ яIэщ - Урысейм, США-м, Инджылызым, Франджым, Китаймэ. Мыгувэу апхуэдэ зэфIэкI ягъуэтыну кьалытэ нэгъуэщI къэрал зыбжанэмэ. Советым зы унафэ кьищтэфынукъым абы зэпымыууэ хэт къэралыр мыарэзыуэ щытмэ. АрщхьэкIэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, къаруушхуэ зыбгъэдэлъ СССР-р лъэпкъэжьуэ, США-м иригъэкIуэкIыу щIидзащ езым и сэбэп зыхэлъхэм тещIыхьа политикэ. Абы кърикIуахэр дуней псом ильэгъуащ.

Арщхьэкlэ ООН-м иджыри мыкъэнэшхуэ иIэщ икIи апхуэдэу къэнэжынущ зэман гъунэгъум.

МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.

Налшыкыр токIуэ

Налшыкыр токIуэ

Мы махуэхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и кьалэ зыбжанэм щекIуэкIащ стIолыщхьэ теннисымкIэ цIыхубзхэм я зэхьэзэхуэ.

ЗЭПЕУЭМ хэтащ республикэм и районхэм кьыщызэрагъэпэща командибгъу. Апэ увыпIэр кьихьащ Налшык кьалэ и гупым, етIуанэ хьуащ шэджэмдэхэр, Бахьсэн районым и командэр ещанэщ.

Текlу ахэм медалхэмрэ дипломхэмрэ ярит ащ стIолыщхьэ теннисымкIэ Европэм и чемпионкэ Батыр ФатIимэ. Абы зэрыжиIамкIэ, хьыджэбз цIыкIухэм ящыщ зыбжанэм накъыгъэм Сочи щекIуэкIа зэхьэзэхуэм фIы дыдэу зыкъыщагъэльэгъуащ.

КЪЭХЪУН Бэч.

Тэрч районым и Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Унафэщым и кьуэдзэ **Шэрджэс Сонэ**, редактор: **Нэбэжь Таисэ**, корректорхэр: **Афэ Тамарэ** *(3,4-нэ пп.)*, **ПхытIыкI Юрэ** *(1,2-нэ пп.)*, корректорхэм я дэлъыкъуэгъу **Иуан Заирэ**. *КомпьютеркIэ газетым и тепIэр ящIащ:* **Дол Мариндж, ГъукIэI Рае, Щомахуэ Мариндж,** *сурэтыщI* **Бицу Жанэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьазыращ.

Газетым Iэ тедзэн кьуейр щыIэ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.045● Заказ №3086

●Дэ къытхуатх

Сыт Джатэжьейр зыгъэдахэр?

НОБЭРЕЙ ди зэманым гугъуехьэр щыкуэдщ: уасэжэ мэдзакъэ, цIыхухэм я нэхыбэр лэжьапIэнэшэщ, Iэнатlэ Iутхэми я хэхъуэр мащIэщ. Сыт хуэдэу ирехъуи, зэгъэзэхуэрэ зэIуплъыныгъэрэ щыIэу упсэун, жылагъэм захэбгъэзэгъэн, уи Iуэху зэрыдэкIыным яужь уитын хуеиц. Апхуэдэу жыIэми, щытыкIэ мытынщым тэмакъ кIэщI ищIаэри гъунэжщ. Щыхухэр къезышэжI транспортым и шоферхэр апхуэдэжэ маху кьэс ирокьэлIэ.

Я теплъэкIэ зэрызэмыщхьым хуэдэу, хьэлкIи зэхуэмыдэ цIыхухэм Iэдэбагъ пхэлъу уадекIуэкIыныр тыншкъым. Ауэ нобэ фэзгъэцIыхуну, илъэс 20 хьауэ цIыхухэр къезыпэжI, жылагъуэ транспортым и шофер Джатэжьей Хьэсет Залымхан и къуэр и хьэлкIи и щэнкIи адрейхэм къаехэщ, дэтхэнэми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ кьыхуэзыгъуэтыф цIыху угъурлыщ. Цыхухьур зыгъэдахэ адыгагъэрэ цIыхугъэрэ зыхэлъ щIалэр зыхэтым фIыуэ кьалъагъу, пщIэ кьыхуащI. Тэрч районым хьыхьэ Новэ Хьэмидейрэ Налшыкрэ зэпызыщIэ километр 90 гъэтуанэр мадзэу ирехъуи, зэгъэзэхуэрэ зэIуплъыныгъэрэ щыIэу кьэс кьэс зэпытчыныр тыншкъым. Ауэ Хьэжсет и лэжьыгъэм хуэIэижьу, гурэ псэкIэ етауэ бгъэдэтщ, къришэкI щыхухэм кьыхужаIэ псалъэ гуапэхэм и гукъыдэжьыр кьалъэт.

«Дэ лэжьакIуэфI куэд диIэщ. Щыхухэр ящыщу япэ зи цIэ къисIуэхэм ящыщщ Джатэжьейр. Гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэр кьызэпызымыуд, цIыху хэтыкIэ зыщIэ Хьэжсет сыткIи сыхуэзарэзыщ», - жеIэ Тэрч автостанцым и унафэщI Щхьэгуэш Владимир.

Хьэжсет гъэгуанэм зыщыхуэзэхэм сэри сащыщщ икIи сыхуэарэзыщ. Узынщагъэ иIэу, и гугъэмрэ гъащIэмрэ зэтехуэзэ и быным я хъер иIагъуэу а цIыху хьэлэлыр куэдрэ дунейм тетыну си гуапэщ.

БЭРЭГЪУН Къалмыкъхъан.
Тэрч район.

●Пшыхьэр

УэрэджыIакIуэр ягу къагъэкIыж

Налшык дэт Гъуазджэмкl1э Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым иджыблагъэ щекIуэкIащ УФ-м щыхь зиIэ и артист, Музыкэ театрым и солисту, СКГИИ-м и доценту щыта Жанатаев Исмэхьил и фэеиль пшыхь. Ар иратlэкIуэкIащ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэм и гъэсэн Гуртуев Леларэ Бэч Азэмэтрэ.

ЯПЭ ПСАЛЪЭР иратащ УФ-м щыхь зиIэ и артист, Гъуазджэмкl1э институтым и профессор Гъэсащэ Натальэ. Ар кIэщIу тепсэлъхьащ Жанатаевым и макъ тельыджэм, зыми емыщхьу абы щIэльа щIэжьыуэ лъэщым.

- Жэпуэгъуэ мазэрат Исмэхьил кьыщалъхуар, абы ирихьэлIэу кьызэдгъэпэщауэ араш мы пшыхьыр, - жиIащ Наталье. - Дунейм ехьыжа цIыхум дытепсэлъыхьми, сэ сыхуейтэкъым мы зэIущIэр нэщхьеягъэуэ щытыну, сыту жыпIэмэ Жанатаевым игъэзащIэу щыта уэрэджэр нобэми псэуп, апхуэдэу щыхьукIэ, езыри кьытхэтым хуэдэщ.

Адэкlэ псалъэ иратащ философие щIэныгъэхэм я доктор, художествэхэмкIэ Урысей академием и академик **Лён Славэ**. Ар тепсэлъыхьащ суэрэтыщI гъуазджэм и щхьэхуэм, музейм и пэщым щытлъагъу лэжьыгъэр.

●Гъуазджэ

Джэрыджэ Арсен къопсалъэ.

Урымы и щэхухэр

Урым Руслан

гъэхэм, Урым Руслан и зэфIэкIхэм.

- Мы нобэрей зэлуцIэр ауэ сытми кьызэрыгуэкI гъэльэгъуэныгъэкъым, - хуищIыну Iкъэм кьыригъэхьулIэ.

Славэ гулъытэнщэу кьигъэнакъым Урымым и гъэсэнхэр. И гуапэу кьызхигъэщащ я Iэдакъэщ1экIхэмкIэ европей утыкум ихьэн зэрахуэзэфIэкIыр, сыту жыпIэмэ ахэр нобэрей пщалъэхэм изагъэрэ гупсысэ щIэльу щащи.

- Лён Славэ жиIа псалъэхэм яужьыкIэ гугъуу Урымым и творчествэм утепсэльхьыну. Сыту жыпIэмэ искусствоведым, ди республикэм и хьэщIэ лъапIэм нэхъыфIу икIи нэхъ куууэ хещIыкI, кьыгуроIуэ сурэтыщIым и гуащIэр, - кьыщIидзащ и псалъэхэм КъБР-м щэнхабзэмрэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и министрым и кьуэдзэ **Джэрыджэ Арсен**. - Руслан и творчествэм иубыд увыIэмрэ иIэ мыхьэнэмрэ пщIэ зэрыхуащIым наIуэу кьигъэльагъуэ си гугъэщ ди министерствэм и унафэкIэ иджыблагъэ абы «КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI» цIэ лъапIэр кьызэрыфIащам.

Министр Тэуар кьыбгъэдэкIыу Джэрыджэр Руслан екъуэхъури, абы ЩIыхь ритащ.

- Сэ фIыуэ солъагъу гъуазджэр, ар си гъащIэм увыпIэшхуэ щызыубыд Iуэхугъуэщ, - жеIэ **Нало Заур**. - Хуабжьу си гур хохъуэ сурэт тельыджэхэр кьыщыгъэльэгъуауэ сиIэ альбомхэр щыщIэспщытыкIкIэ, ауэ нэхъыбэжу сыщыгуфIэр ди художникхэм я гъэлъэгъуэныгъэхэм сыкъыщыкIуэм дежщ. СыщыщIалъэ цIыкIум псэущхь сурэтхэр тщIыуэ кьызэрытхуамыдэу щытам дэ куэд тIэпигъэхуауэ си гугъэщ. Армырамэ, Кьэбэрдей-Балькъэр гъуазджэр нэхъ жыжьэ нэсауэ зэрыщытынум шэч хэльтэкыым. Нобэ и Iэдакъэщ1экIхэр кьигъэльагъуэну хуитыныгъэ псори зиIэ Урым Руслан сохъуэхъу гуащIэ мыкIуэщкIэ гъэнщIа ильэсищэ гъащIэ иIэну.

Урым Руслан и сурэтхэм, езым далъагъу Iуэхугъуэфхэм, и унагъуэ дахэм я гугъу ящIу, и махуэмкIэ гуапэу екъуэхьуу зэIуцIэм кьыщыпсэльащ сурэтыщI цIэрыIуэ **Кlыщ Мухьэдин**, Урым Руслан и творчествэм иубыд увыIэмрэ иIэ мыхьэнэмрэ пщIэ зэрыхуащIым наIуэу кьигъэльагъуэ си гугъэщ ди министерствэм и унафэкIэ иджыблагъэ абы «КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI» цIэ лъапIэр кьызэрыфIащам.

Ди дежкIэ ар гуфIэгъэщIхуэщ, дэ тхылъу диIэр зэрыхъур 1800-рэ хуэдизщи, абыхэм ящыщ куэдыр жьы дыдэ хъуащ. Роэз кьыдитахэр щIыкIуэр зыщIэупщIэ, зэ